



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 28 oktòb 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$39.5 MILYON POU PWOJÈ AMELYORASYON KALITE DLO NAN ETA**

### ***Sibvansyon yo pral ede finanse pwojè pou redwi ekoulman polisyon, amelyore rezistans ak restore abita natirèl yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$39.5 milyon nan sibvansyon ki bay finansman pou 134 pwojè lokal ak rejyonal nan Eta New York. Pwojè yo vize pou amelyore kalite dlo, redwi ekoulman polisyon epi restore plan dlo ak abitat akwatik nan chak rejyon nan eta.

“Amelyore ak pwoteje resous abondan dlo eta enpòtan pou kalite lavi pou tout Nouyòkè yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Kòm nap apwoche dezyèm anivèsè gwo tanpèt Sandy, nou sonje anpil nan dezast natirèl ki te pase pa twò lontan de sa ki te koze trajedi ak pèt nan kominote nou yo nan New York. Finansman sa a pral bay kominote yo asistans yo bezwen pou ogmante rezistans kont tanpèt, aplike pwojè kontwòl polisyon ak pi byen pwoteje resous natirèl enpòtan yo pou ane kap vini yo.”

Yo te akòde yon total 134 sibvansyon atravè pwogram Amelyorasyon kalite dlo nan Eta, yon pwogram sibvansyon konpetitif ki finanse prensipalman pa Fon Pwoteksyon Anviwonman ak NY Works. Wap jwenn yon lis konplè pwojè kap resevwa finansman yo [LA](#).

“Polisyon ka genyen yon efè devastatè sou anviwonman nou an, enkli andomaje abitat enpòtan ki bay defans natirèl kont onn tanpèt ak elevasyon nivo lanmè a,” Komisyonè Depatman Konsèvasyon Anviwonman Joe Martens te deklare. “Dènye seri sibvansyon pwogram amelyorsasyon kalite dlo a se yon lòt egzanp de angajman Gouvènè Cuomo pou bati patenarya pwodiktif avèk kominote lokal yo pou pi byen pwoteje ak restore anviwonman nou an.”

Total sibvansyon rejyonal yo se:

- Western New York: \$4.94 million
- Finger Lakes: \$3.85 million
- Central New York: \$7.26 million
- North Country: \$10.37 million

Haitian Creole

- Capital Region: \$2.10 million
- Hudson Valley: \$4.16 million
- New York City: \$500,000
- Long Island: \$6.34 million

Sibvansyon yo te akòde jodia bay asistans pou yon varyete pwojè ki gen ladan:

- Apeprè \$23 milyon pou pwojè ki pou kontwòle ekoulman dlo polye ki pa soti nan fèm. Sa ka rive lè dlo lapli ouben nèj kap fonn koule sou tè a ak atravè li epi ranmase ajan polyan natirèl ak sa lòm kreye. Finansman pral sipòte pwojè yo tankou estabilizasyon kouran dlo ak kontwòl inondasyon, e li gen ladan \$4 milyon dola pou pwojè ki itilize enfrastrikti natirèl, tankou konstriksyon zòn imid ak anlèvman bèm plèn inondab, pou ede diminye domaj ki soti nan tanpèt, yon objektif enpòtan nan efò Gouvènè a pou bati ak ranfòse rezistans nan tout eta.
- \$7.7 million nan finansman NY Works II etablisman dlo ize minisipal yo pou enstale ekipman pou dezenfekte efluan, oswa trete dlo egou. Finansman sa a pral ede pwoteje kalite dlo yo itilize pou lapèch, natasyon ak bato, ansanm avèk dlo ki gen reseptè sansib a distans, tankou plaj yo benyen oswa gwo lak yo.
- \$2.2 milyon pou etablisman tretman dlo ize yo nan Chesapeake Bay ak Chautauqua Lake basen vèsan pou enstale ekipman pou retire oswa redwi eleman nitritif nan afliyan etablisman, sa ki kapab deranje kalite dlo a.

Pwojè yo ki elijib anba pwogram Amelyorasyon Kalite Dlo a gen ladan: tretman dlo ize minisipal; sistèm dlo egou tanpèt minisipal separe; rediksyon polisyon abatman ak kontwòl sous non-agrikòl ak ekoulman; ak restorasyon abitat akwatik. Yo ka ranbouse benefisyè prim yo pou jiska 85 pousan nan depans total pwojè yo koute.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

**We Work for the People**

Performance \* Integrity \* Pride